# ЛИРИК АСАРЛАРНИ ЎҚИТИШДА ЎҚУВЧИЛАРНИНГ КОНПЕТЕНЦИЯСИНИ ЎСИРИШ

***Жиемуратова Айжамал Сагинбаевна***
*Нукус шаҳар ХТБ 38-сонли умумий таълим мактабининг*
*Она тили ва адабиёт фани ўқитувчиси, изланувчи*

**Аннотация:** Актуальное состояние обучения учащихся определяется не только спецификой. Но и современными требованиями к обучению учащихся, что предполагает пересмотр методов обучения и воспитания.

**Abstract:** The current state of student learning is determined not only by the specifics. Increasing the level of knowledge requires the appropriate organization of not only classroom, but also extracurricular activities.

**Ключевые слова:** литературовед, образ, метод, жанры, язык, обучение, процесс урока, писатель, произведение.

**Key words:** specialist in literature, character, method, writing, genres, language, training, the process of the lessons, writer, work.

Дүнья жүзилик педагогика илими тез раўажланыў ҳәм өзгерислер жолы менен баратырғаны глобалласыў процесинде мәмлекетимиздиң билимлендириў тараўында әдеўир өзгерислер жүз берди. Бул педагогикалық оқыў орынларында тәлим-тәрбия процесин заманагөй технологиялар тийкарында жетилистириў, мәмлекетлик билимлендириў стандарты талапларына муўапық оқыў бағдарламаларын, сабақлықлар ҳәм методикалық қолланбаларды жаратыў, әдебиятты оқытыў мазмунын жаңалаўдың оптимал бағдарларын белгилеў, миллий ҳәм сырт ел тәжирийбелерден өнимли пайдаланыў, әдебий тәлимнинг илимий-теориялық әмелий, эстетикалық ҳәм методикалық тийкарларын жетилистириў, оқыўшылардың билимин тереңлестириўге бағдарланған стратегияларды қоллаў зәрүрлилигин пайда етти [1,2,3,4,5,6,7,8,9,10,11,12,13,14.]. Мәмлекетимизде жас әўладтың әдебий сөйлеў ҳәм көркем шығарманы таллаў компетенцияларын раўажландырыў, әдебий тәлим процесине оқыўшыларға бағдарланған оқыў технологияларын тереңнен изертлеў мәселесине айрықша әҳмийет берилмекте. [15,16,17,18,19,20,21.]. Усы көзқарастан лирикалық шығармаларды оқытыў арқалы оқыўшылардың компетенциясын жетилистириў усыларына дыққат аўдарамыз. Поэзия-гөззаллықты сөз бенен тәрийплеў өнери. Ол әсирлер даўамында талантлы сөз зергерлери тәрепинен жаратылып, халықтың турмыс жағдайын, арзыў-тилеклерин өзинде сәўлелендирип келген. Қосық инсанға эстетикалық заўық

бағышлайды, шайыр әтирапындағы дүньяны өз көзқарасынан келип шығып сәўлелендиреди. Поэзияда реал сүўретлемелер, пикирдиң образлар жәрдеминде берилиўи көзге тасланады. Газета-журналлар, телевидение ҳәм радио болмаған дәўирде поэзия публицистика хызметин атқарып келген.

Жыраў-шайырлар мийрасы, халық аўызеки дөретпелеринде сол дәўир ушын оғада әҳмийетли болған машқалалар баян етилген. Тынышлық-биййбаҳа байлық. Дүньяда тынышылықты сақлап өмир сүриў тек ғана адамзат ушын емес, бәлким, пүткил тиришиликке тән қәсийет. Өтмишке нәзер таслар екенбиз, адамзат мудамы қыян-кести урыс майданында жасап келгениниң гүўасы боламыз. Изертлеўлерге қарағанда, соңғы жүз жыллықта жәҳәнниң гигант мәмлекетлери «Тынышлық керек болса-урысқа таярлан» деген уран менен өмир сүрмекте. Қан төгиспелер, наразылықлардың жүзеге келиўи хәр бир халықтың аўызбиршилигиниң жойылыўына, алаўызлық ҳәрекетлериниң күшейиўине алып келмекте. Инсанийт ҳәм мәмлекетлер арасындағы келиспеўшиликлерди тоқтатыў, миллетлер аралық татыўлықты, халықлардың қәўипсиз, қорқынышсыз өмир сүриўин тәмийинлеў, миграция процессин кемейтиў бүгинги дүньяның глобал машқаласына айланды.

Тынышлық дүнья мәмлекетлери арасындағы дослықтың, бахыттың идеал көриниси, пүткил инсаният душпанлығының тамамланыў басқышы. Көркем сөз шеберлери өз дөретпелеринде тынышлық, азатлық, теңлик, парахатшылық мәселелерин жырлай отырып, халықларды, мәмлекетлерди дослыққа, бирликке шақырады, қан төгиспелерди кескин қаралайды:

Дүнья—бузық уясындай хәррениң,
Көргиң келмегенди базда көрер көз
Тилинде, кәлбинде ҳәзир ҳәммениң
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз- [41]

Шайыр И.Юсупов өзиниң «Еки сөз» қосығында тынышлықтың, татыўлықтың қәдир-қымбатын оғада жоқары баҳалайды.

Соңғы жылларда қарақалпақ әдебиятында шайыр сыпатында белгили орынға ийе көркем сөз шебери Өсербай Әлеўов өзиниң лирикалық дөретпелеринде парахатшылық, тынышлық темасына айырықша дыққат аўдарады. Шайырдың, «Мазлумхансулыў», «Сезимлерим», «Пикир дүньям» топламларынан орын алған дөретпелеринде бундай мәселелерди сәўлелендирген лирикалары көпшиликти қурайды:

Астан-кестен болып атыр жер ҳәм көк,
Дәрпенбейди,
Мына дүнья сабырлы.
Дым пәрўайы, бүлиниўге қоймас шек,

Албырамас беккем урған тамырды.

Бир жерлерде абылайсаң суў тасқын,
Гей орында қырғын урыс,
Бермес пай.
Базы жақта геўлеп атыр жер астын,
Ойлап турсам дүнья ийесиз қалғандай… [42,7]

Шайыр бул қосық қатарларында жер жәҳән астан-кестен болып, тасқын тасып, көкси ойылса да жаўызлықларға шыдам берип, инсаниятқа жақсылық қылып, оны азық пенен тәмийинлеп атырғанлығы сөз етиледи. Барлық қарама-қарсылықлар, келиспеўшиликлер тийкарынан жерди бөлисиў, тәбийий байлықларға таласыў ямаса ҳәкимиятты ийелеў мақсетинде келип шығатуғынлығы алға сүриледи.

Глобалласыў процесиниң жетилисип барыўы жәмийетте түрли қарама-қарсылықларды жүзеге келтирип, дүнья халықларының еркин шеклеп қоймақта. Шайыр бул ҳаққында:

Жасаў керек халық болған соң еркиңе,
Хор тутпасын бир халықты бир халық.
Елиң болса бағынышлы ҳәр кимге,
Өмириң өтер ар-намысқа былғанып, - деп жазады. Изертлеўлерге қарағанда, дүньяда жылына 30 ға жақын әскерий конфликтлер жүз берген. Урыс мыңлаған адамлардың өлимине ҳәм майыплығына себепши болады. Олар арасында нәрестелерде бар. Бул жүдә ашынарлы жағдай, есапсыз материаллық шығынлар, қыйраған үйлер, завод, фабрикалар; -бул мәмлекеттиң жәҳән аренасындағы абырайы қулайды, оның экономикасына инвестиция киритиўге кери тәсир етеди. Сонлықтан, халықтың көпшилик бөлеги жарлыға ҳәм кәмбағалға айланады.

Жер солқылдап басқыншылық бүликтен,
Қарылыпты қанға топырақ былғанып,
Ҳәдийсе көп,
Бул дүньяның жүзи кең,
Өткен екен бир пара ел дым налып.
Ҳәзирде бар аласапыран
Бул қалай?
Адамлар жүр адамларға ойланып,
Үстиндеги машқалаға шыдамай,
Турыпты ғой қара Жер де айланып…[42]

Жер планетасы инсанperiят ушын инам етилген үлкен сыйлық. Ол галактикадағы тиришилик етиў мүмкин болған бирден-бир планета. Тилекке

қарсы, оның үстинде жүз берип атырған әдалатсызлықлар салдарынан оның ресурслары, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы қәўип астында қалмақта. Бул ҳаққында «Жер-жәҳән болып тур және бийтыныш» деп басланатуғын қосығында:

Жер-жәҳән болып тур және бийтыныш,
Зулымлық ислейжақ бир ел бир елге.
Биреўлер азатлық ушын жыйып күш,
Орын ғамластырар табан тиреўге.

Биреўлер бабамнан қалған кек бар деп,
Урысты етежақ ҳүрмет, минсиз ис.
Бир шетин дүньяның жатыр оқ өртеп,
Жәҳән тыныш емес,
Дүнья уйқысыз… [42]

Химиялық қурал-жарақлардың пайда болыўы, бактериялогиялық лабораториялардың курылыўы-жердиң полигонға айланыўына себепши болды. Шайыр жокарыдағы лирикалық қатарларында дүньядағы зулымлық ҳәрекетлерин кескин қаралайды. Үзликсиз даўам етип атырған қырғынлар себепли Ана-Жер өз қәддин бүгип, тынышсызланып, уйқысынан журдай болған. Дүньяның бүлиниўине себепши болғанлар илимли, зейинли ел басқарған ўәкил бола тура, бийгүна жанлардың басына қара булт жаўдырмақта. Сол ушын да шайыр «Басылмай турғаны дүнья бүлгини, жәм емес инсанда еле ақыл-ес» деп жырлайды.

Қағыйдасы жаратылыстың мың қырлы,
Түсинбейсең бәрин билип, ой сырқып.
Неге тәбият бийтәреп боп турыпты,
Күшлилердиң несийбесин үстем қып.

Қосық қатарларында лирикалық қаҳарман «Ким күшли болса, сол дүньяда ҳөктем» деген идеяны алға сүреди. Бүгинлиги болса, күшлилик ким озарға ислеп шығарылған ядро қураллар, армияның материаллық-техникалық базасы менен өлшенип атырғанын сүўретлейди.

Базы еллер бейимлеспес ырқыңа,
Өзлеринше ҳуқық-нызам жаратқан.
Жақсы-жаман иллети бар қулқында,
Тарлық етер жулдыз толы аспанды.

Бир көк гүмбез астында бәршеге бирдей ҳақ-ҳуқық берилген. Жасаў, өмир сүриў адамзатқа жаратыўшы тәрепинен инам етилген илаҳый сыйлық. Кең жазықлық дала, ашық аспан, қулпырған ана тәбият; -бул бизиң тиришилигимизге себепши болған жер жәҳәнниң инсан ушын инам еткен баҳалы саўғасы. Шайыр

оған тыйым салыўға, жоқ қылыўға ҳәрекет еткен жаўызлық қылмысларын қаралайды. Tерең философиялық, ҳақыйқый жанашырлық сезимлерине толы шайырдың бул мазмундағы лирикалары оқыўшыны пикирлеўге, әлемди жаўызлықтан, қорлықтан асырап, бир-биреўге деген дослық, бирадарлық қатнасықларды беккемлеўге шақырады.

Улыўмаластырып айтқанда сабақ барысында лирикалық шығармаларды таллаў арқалы оқыўшылардың пикирлеў қәбилетин, дөретиўшилик компетенциясын жетилиситирип барамыз.

## Әдебиятлар


1. Юсупов К.А. Изучение лирики Усербай Алеўова / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы **Международной** научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.348-351.
2. Юсупов К.А. Актуальные вопросы преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы **Международной** научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.352-355.
3. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиятини уқитиш масалалари. // «Ҳәзирги қарақалпақ филологиясының әҳмийетли мәселелери» атамасындағы халық аралық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2020, 36-42.
4. Юсупов К.А Образ Айдос бия в каракалпакской литературе. // I International science conference on multidisciplinary research, Abstracts of International Scientific and Practical Conference. Berlin, Germany January 19-21, 2021, стр. 766-769
5. Юсупов К.А Изучение в современной каракалпакской лирике. / III International science conference on e-learning and education, Abstracts of III International Scientific and Practical Conference. Lisbon, Portugal February 2-5, 2021, стр. 349-353.
6. Юсупов К.А. Изучение творчество Казакбай Юлдашева /V Международная научно-практическая конференция по новым тенденциям в науке и образовании «Theoretical and scientific bases of scieetific thought», 16-19 февраля, 2021 г., Рим, Италия, стр. 503-508.
7. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Аббаз Дабылов лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-

технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 431-432.

8. Юсупов К.А., Юсупов И.К. Академиялық лицейлерде Әжинияз шайыр лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 437-442.
9. Юсупов К.А. Юсупов И.К. Лирикалық шығармаларды оқытыў методикасы. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 469-474.
10. Юсупов К.А. Изучение литературных жанров. / VIII Международная научно-практическая конференция «Problems and tasks of modernity and approaches to their solution», 02-05 марта, 2021 г., Токио, Япония, стр. 198-203.
11. Юсупов К.А. Изучение творчества Аденбая Тажимуратова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая я конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 226-232.
12. Юсупов К.А. Изучение творчества Конысбай Камалова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 250-256.
13. Юсупов К.А. Изучение произведения Мамбеталы Кайыпова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 257-264.
14. Юсупов К.А. Изучать разборы эпических произведений в академических лицеях. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия:
15. Юсупов К.А., Академиялық лицейлерде көркем шығармаларды оқытыў технологиялары. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия: стр.237-242
16. Юсупов К.А. Изучение лирика Кунхожа в академических лицеях. /XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: стр. 160-165.

17. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик психологиясы. / XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: – стр. 180-185.
18. Юсупов К.А. Использование современных педагогических технологий в преподавании каракалпакской литературы / Материалы **Международной** научно-практической конференции. «Татарская иитература и культура в контексте взаимодействия национальных литератур и искусств». Казанский федеральный университет, 26-27-марта, 2021 г. Стр.356-362.
19. Юсупов К.А. Инновационные технологии в обучении каракалпакской литературе /Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская поэзия и культура второй половины XX – начала XXI века». Казань, 26-28 апреля, 2021 г. Стр.341-346.
20. Юсупов К.А. 9-класста Б.Қайыпназаров лирикасын таллаў. /X Международная научно-практическая конференция «НАУЧНЫЕ ОСНОВЫ СОВРЕМЕННОЙ НАУКИ И ПРАКТИКИ», 23-26 ноября 2021 г., Афины, Греция. – 462-466 - бб.
21. Юсупов К.А. Развитие литературной речи и письменного языка учащихся на уроках литературы. “Models and methods for increasing the efficiency of innovative research” a collection scientific works of the international scientific conference (11 Desember, 2021) – Berlin: Copenhagen, 2021. ISSUE– p. 161-165.
22. Юсупов К.А. Қосық теориясын арнаўлы изертлеўши алым.. /Инсан қәдири – инсанлар қәлбинде. (илимий, илимий-публицистикалық ҳәм публицистикалық мақалалар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2022, – 151-159- бб.
23. Юсупов К.А. Анализ методика художественного произведения /Сборник материалов Международную научно-практическую конференцию посвященной 60 – летию кафедры «Педагогика» на тему: «Современное общество и педагогическое образование». Казакстан, Нур-Султан, Л.Н.Гумилев атындағы Еуразия университети. 22-апреля, 2022 г Стр.268-271.
24. Юсупов К.А. Ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń dóretiwshilik kompetenciyasın rawajlandırıw. /The and analytical aspects of recent research: International scientific-online conference, Part 1, Issue 5: May 31st 2022. www.interonconf.com. Turkiya, Istanbul: pp. 104-109.
25. Юсупов К.А. Еркин қосық-қарақалпақ поэзиясында жаңалық па? «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1991, 12-ноябрь, №104 (7030).
26. Юсупов К.А. Сабақлық ҳәм программа арасындағы байланыс. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1991, 3-декабрь.

27. Юсупов К.А. Еркин қосық-қарақалпақ поэзиясында жаңалық па? «Шымбай ҳаўазы» газетасы, 1991, 27-декабрь, №104 (7030).
28. Юсупов К.А. Әдебиятты оқытыўдың усыллары. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1992, 28-февраль, №199-200 (16119)
29. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1992, 3-декабрь.
30. Юсупов К.А. Тағы да тест ҳаққында. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1993, март, 5-6 (253-254-сан)
31. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятында муҳаббат жыршысы. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1993, 27-март.
32. Юсупов К.А. «Ай сығалайды»...«Әрман» газетасы, 1993, 16-31 май, №10 (31).
33. Юсупов К.А. «Едиге» тарийхый қаҳарманлық дәстан. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1993, 29-февраль, №9 (6838).
34. Юсупов К.А. Мектеп программасын байытамыз десек. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1993, март.
35. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебияты бөлмесинде көргизбе мүйештиң әҳмийети. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1993, 9-январь.
36. Юсупов К.А. Оқыўшыларды пән олимпиадасына таярлаў. «Жеткиншек» газетасы, 1993, 26-январь.
37. Юсупов Қ. Қарақалпақ фольклоры - миллий байлығымыз. «Шымбай ҳаўазы» газетасы, 1993, 29-июнь.
38. Юсупов К.А. Қ. Дәўир талабына сай сын. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1993, 5-август, №9 (6838).
39. Юсупов К.А. Гөззаллық әлеми. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1994, 23-июль.
40. Юсупов К.А. Бердақ шығармаларын оқытыўдың бир усылы. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1996, 25-январь, №4 (6833).
41. Юсупов И. Ҳәркимниң өз заманы бар. (қосықлар ҳәм қысса) Н."Қарақалпақстан" 2004. 113-б
42. Әлеўов Ө. Пикир дүньям. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2018. 134-б, Әлеўов Ө. Сезимлерим. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2019. 146-б. Әлеўов Ө. Мазлумхансулыў. Нөкис. «Билим», 2017. 130-б